***ПРИЛОЖЕНИЕ***

к рабочей программе учебной дисциплины «**<u>ОУП.14 Родная литература»</u>**

# ФОНД ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ

# по УЧЕБНОЙ ДИСЦИПЛИНЕ

## <u>ОУП.14 Родная литература</u>

по специальности

**44.02.05 Коррекционная педагогика в начальном образовании**

очной формы обучения

Квалификация специалиста среднего звена «учитель начальных классов»

**Хасавюрт, 2025**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**Государственное бюджетное профессиональное образовательное учреждение Республики Дагестан**

**«Профессионально-педагогический колледж имени З.Н.Батырмурзаева»**

# Контрольно-оценочных средства

**по учебной дисциплине**

**ОУП.14 Родная литература**

**44.02.05 Коррекционная педагогика в начальном образовании**

Разработчики: ГБПОУ РД «Профессионально-педагогический колледж имени З.Н.Батырмурзаева»

Преподаватель: Дакаева З.П.

**Хасавюрт,2025г**

## 1. Общие положения

Контрольно-оценочные средства (КОС) предназначены для контроля и оценки образовательных достижений студентов.

КОС включают контрольные материалы для проведения промежуточной аттестации в форме дифференцированного зачёта.

## 2. Освоение умений и усвоение знаний:

| Освоенные умения, усвоенные знания | Показатели оценки результата | №№ заданий для проверки |
|---|---|---|
| **1** | **2** | **3** |
| **Уметь**<br>У.1.<br>– Лексикаялъул т1елал рич1ч1изе; | Применяет устные и письменные приемы при вычислении арифметических действий | Оценка результатов выполнения<br>всех заданий<br>А1;А2;А№;А4;<br>А5. |
| У.2.<br>– находить значения корня, степени, логарифма, на основе определения, используя при необходимости инструментальные средства;<br>– выполнять преобразования выражений, применяя формулы, связанные со | Применяет определения и свойства степени, логарифма, формул для вычисления и преобразования числовых, логарифмических, показательных выражений | Оценка результатов выполнения<br>Заданий |

| | | |
|---|---|---|
| свойствами степеней, логарифмов. | | |
| У.6.<br><br>– решать рациональные, показательные, логарифмическиеуравнения, сводящиеся к линейным и квадратным, а также аналогичные неравенства и системы;<br><br>– составлять и решать уравнения и неравенства, связывающие неизвестные величины в текстовых (в том числе прикладных) задачах | Применяет формулы дискриминанта, корней квадратного уравнения для решения уравнений.<br><br>Применяет свойства корня, логарифма для решения уравнений и неравенств.<br><br>Применяет методику составления уравнений пи решении задач. | Оценка результатов выполнения |
| У.8.<br><br>– распознавать на чертежах и моделях пространственные формы; соотносить трехмерные объекты с их описаниями, изображениями;<br>– описывать взаимное расположение прямых и плоскостей в | Применяет аксиомы, теоремы стереометрии при описании взаимного расположения прямых и плоскостей; | Оценка результатов выполнения |

| | | |
|---|---|---|
| пространстве, аргументировать свои суждения об этом расположении;<br>– анализировать в простейших случаях взаимное расположение объектов в пространстве | | |
| **Знать**<br>З.1.<br>– значение математической науки для решения задач, возникающих в теории и практике; | Правильно выбирает методику для решения задач различных процессов окружающего мира | Оценка результатов выполнения |
| З.2.<br>– широту и в то же время ограниченность применения математических методов к анализу и исследованию процессов и явлений в природе и обществе | Правильно применяет математические методы для решения задач различных процессов окружающего мира. | Оценка результатов выполнения |
| З.3.<br>– значение практики и вопросов, возникающих в самой математике для формирования и развития математической науки | Применяет теоретические знания на практике | Оценка результатов выполнения |

| | | |
|---|---|---|
| З.5.<br><br>– универсальный характер законов логики математических рассуждений, их применимость во всех областях человеческой деятельности | Знает законы логики и применяет их на практике. | Оценка результатов выполнения |

**3. Контрольно-оценочные средства для оценки сформированности знаний и умений по учебной дисциплине**

В состав комплекта входят задания для студентов и пакет преподавателя (эксперта).

**2 курс Нохчийн мотт**

РогIалла

Предметан таллам бен дакъа Мах хадоран гIирсан цIе

1.Маттах лаьцна хаамаш «Дуьненан ирс» талламан болх

2.Лексикологи

«Ден дозалла» изложени

3.Фонетикех хаамаш

«Хьасанан ойланаш» талламан болх

4.Морфологи а, орфографи а

«ГIаргIулийн илли» изложени

5Къамелан дакъош

«Дахаран кхоларш» талламан болх

Тест «Коьрта къамелан дакъош»

Талламан диктант № 1

Дуьненан ирс

Цхьа шаьш буьзча, догIмашна паргIато луш, кузашна тIетийсинчу гIайбеш тIехула шаьш агIорбевлча, элаша вовшашка хаьттинера, хьуний-хьуний хIун дезара, хьанна мила хила лаьара вайна кху дуьненахь аьлла.

Шен болчун тIе кхин оццул бахам безара шена, аьллера цхьамма. Кхаа мехкан эла хила лаьара шена аьлла, билгалдаьккхинера вукхо. КхоалгIачо, шена

дуьненан да хила лаьара олуш, жоп деллера хаттарна. Вукху шимма цуьнга бехк баьккхинера.

«Шу ца кхийти сох, – церан бехк тIе ца лаьцнера кхоалгIачо, – шу а ца девзаш, шуна а ца вевзаш, йуьрта йисттехь цхьа жима хIусам а йина, сарралц даьккхинарг сарахь пхьор даъал бен а ца хуьлуш, цхьана бертахь, сайна муьтIахь йолчу хIусамненаца вехаш хилла велара со, тIаккха хир вара-кх сох дуьненан да», – аьлла. Важа ши эла ойланашка ваханера, кхоалгIаниг бакьлуьйш вуйла а хиъна.

Ткъа хьанна ца лиънера, хьанна, кху дуьненан да хилла ваха, кху дуьненах шен нус йан, хIара дуьне шена декхарла дерзо?!

Нохчийн фольклор (151 дош)

Талламан диктант № 2

Хьасанан ойланаш

Тахана хилча санна, дика дагадогIура Хьасанна ша жима волуш хилла цхьадолу хIуманаш. Лекхачу лаьмнийн хIазарна йуккъехь эчиган некъаца йахйелла жима гIала Iуьллу Алтайн лаьтта тIехь.

ГIалин йистехь, регIан басахь, лаьтта ХьасангIеран цхьаъ бен чоь йоцу цIа. Лаьттах йоьгIначу утармаш тIе шина аагIор у тухуш, йуккъе жир йоьхкина, дина ду иза. ДогIа тIехь ца сацийта, воттана хьаькхна, у тоьхна бу раз тхов а. ДогIано дашош, малхо дагош лаьтта уй ченан баса дахана. Шайн бахам къаго гIерташ, чеш лоьцуш, поппар а хьаьхна, кораш долчу цхьана пенна кир тоьхна Хьалимата.

Жимчохь дуьйна луларчу берашца йахь йолуш волчу Хьасана йарезаз йуьйгIира шайн кора кIел. Цу тIера чIениг этIаш а, гIадужуш а, шайн генара Даймохк дагаоьхуш, гIийла ойланаш йеш Iа кхузахь наний, кIанттий. Кхузара дIахьаьжча, дуьйлинчу те тIехула боьду нIаьна санна, генна шерачу арахула малхбузехьа гIерта цIерпошт го. «Дуьне мел ду, генарчу мехкашка дIасалела маьрша, ирсе нах. Вай маца хир ду-те иштта маршо йолуш?» – ойла йо Хьасана.

Хь.Ш. Яндарбиев (153 дош)

ТIедиллар.

Текстера 1-чу абзацера дерзоран цIерметдош легаде.

Массо а хенашца хийца 2-чу предложенера хандош.

3-чу абзацан 1-чу предложенера хандош схьайазде, цуьнан спряжени билгалйаккха.

Шеран талламан диктант № 3

Дахаран кхоларш

Сарралц къегина лаьттина малх суьйренга керчинера. Анайисте кхаччалц схьабеана и, йоьза чара санна, боккха бара. И цIийбеллера, шен йозалла айъина боллуш санна. Гезгамаша а хилла, стиглахь йаьржинера цуьнан зIенарш. Малхбалехьара а, лаьмнашкара а тIегIертачу суьйренан IиндагIаша дIабойъуш лаьттара маьлхан тIаьххьара суй.

Малх чубуьзна баларца дуьнено кхин бос ийцира. ТIаьхь-тIаьхьа дукълуш лаьттара тIегIертачу маьркIажан боданан IиндагIаш. Гучудуьйлура седарчий, амма церан лепар а цхьабосса дацара: цхьадерш – сирла, ткъа вуьш –кхоьлина,тIе чим тесча санна.

Соьлжа-ГIала йара суьйранна чуйоьрзуш. Урамашкара адамаш лахделлера.

Доьду хи санна, хьаьдда ду дахар, амма цуьнан ирхенаш а, охьенаш а нисло. Де-буьйса санна, серлонехь а, боданехь а нисдала а тарло и. Адамийн дог-ойла гуттар а къуьйсуш йу диканой, воной, оьздачой, маьттазчой, хьаналчой, хьарамчой. Цу къийсамах цIена чекхвала ца хууш верг а, ца лууш верг а хуьлу. Даг тIехь йисна хьоькхнаш йуьхь-чкъурах ларйеш, массарах тарвала гIертахь а, ойланашка вуьйлу ишттаниг. Шерашкахь гена мел вели а, тIейазло цунна дахаран кхоларш. Къаьсттина чIогIа дагалецамашка воху ишттаниг суьйренаша а, Iаьнан йехачу буьйсанаша а. Хь.С.Эдильгериев (160 дош)

ТIедиллар.

Текстан 2-чу абзацера антонимаш схьайазйе.

Морфемийн таллар кхочушде дешнийн: «йозалла», «чубуьзна».

4-чу абзацера чолхе цIердешнаш, буха сиз а хьоккхуш, билгалдаха.

2-чу абзацера хуттургаш схьайазйе, церан тайпанаш билгалдаха.

Изложенеш

Ден дозалла

ВорхI кIант ву Даркешан. ВорхIе а – ден дозалла. Цуьнан гIортораш. ВорхIе а – пепнаш санна, догIмаш долуш, болатах воьттича санна, онда. ХIумманах а бIаьргнегIар тухур доцуш. Вухавер воцуш. Iуьргара текхарг а йоккхур йолуш, чIарх-аьллий, шайтIанан ненан багара маха а бохьур болуш, майрий. ГIиллакхах вухур воцушший, йахь дIалур йоцушший.

Иштта кхиийна уьш дас. Цо хIинца а олу шен кIенташка: «Хьалха а ма хила, тIаьхьа а ма хила. Шун меттиг йуккъехь йу».

Цкъа воккхахволчу Аьрзус, Iен а ца велла, хаьттира дега:

– И йуккъера меттиг хIунда хоьржу ахь тхуна, ва дада?

Даркеш оьгIаз ца вахара оцу хаттарна. Тера дара цо и лардинчух. «Хьалхавийла Iеминарг массо а хIуман тIехь а хьалхара хила лууш хуьлу, тIехьа сеца Iеминарг массо а хIуман тIехь а тIаьхьара хила лууш хуьлу. Хьалхавалий, тIаьхьависий стаг гуттар а караво. Муьлххачу а гIуллакхан коьрта йозалла шена тIеоьцуш йерг йукъ йу. И онда йелахь, халкъан доь довр дац», – жоп делира Даркеша.

Ден хьехар лардира кIенташа, ЦIагарца паччахьан салташна кIело йан баханчохь а. Коьрталла ца къевсира цхьаьнцца а. Кхечаьрца нийсса лийтира вежарий ХьаргIий, Олхазаррий, Маккхаллий. ТIаьхьарчунна пхьаьрсах чов а йинера.

Салтийн тоьпаш а йохьуш, ЦIагаран тоба цIа йирзича, гихоша доккха са даьккхира… Цхьана Аружин йуьхь тIехь ца хаалора йа хазахетар а, йа халахетар а. Иза йоьллера шен кхузткъе итт шара чохь кIентий кхерамечу новкъа а бохуш, уьш могуш-маьрша бухаберзаре хьежарх.

ВорхI кIант ву Даркешан доьзалехь. ВорхI кIант – ненан ворхI са. Цхьана деган эшшарехь деттало и ворхI са, цхьанна цатам хилча, берриге а кийра Iовжош, хазахетар хилча, кийрахь меттиг ца тоьуш…

Кхо кIант дена дуьхьал хIоьттира. Хьалха вистхилира кхааннах воккхахволу ХьаргIа.

– Дада, тхо духадирзи, зен-зулам ца хуьлуш.

– Бакъахьа хир ду, – кIентийн бIаьра ца хьожуш, бен доцчуха жоп ло Даркеша. – ПаргIат хила.

Нана йолчу боьлху кIентий.

– Нана, тхо духадирзи, могаш-маьрша долуш.

– Некъан хьовзамах, йуьхьIаьржонах лардойла шу вайнДала,– меллаша дека тийналлехь Аружин аз. – ДIадуьло, паргIатдовла.

Воккхахволчу вешина Аьрзуна тIебоьлху вежарий.

– Тхо духадирзи, дагалаьцнарг кхочуш а дина.

– Нахана хьалха корта охьабахийта меттиг-м ца йитина аш вайна? – хоьтту

Аьрзус.

– Ца йитина, – жоп ло ХьаргIас.

– Дика хир ду, – там хиларца боху вокkхахволчу вашас. – Хьовса шайн гIуллакхе…Л.М.Яхъяев (343 дош)

Хьесап:

1. Ден дозалла. 4. Аружин доьналла.

2. Ден хьехамаш. 5. Дена дуьхьал хIоттар.

3. КIенташа ден хьехар лардар. 6. Доьзалехь йолу йукъаметтиг.

2. ГIаргIулийн илли

«Де дика хуьлда хьан, сан хьоме Уми!» – халла, хIора дешдакъа къастош, дийшира кIанта, цецваьлла ненанене а хьоьжуш. Умина-м лаьара нохчийн маттахь довха, эсала, мерза дешнаш хозийла.

– Немцойн маттахь йаздина, – элира Султана, – немцойн меттан хьехархочуьнга кхайкха гIой со?

Ненананас ца оьшу боххушехь арикkхира.

Уми ца кхетара. Цунна цкъа а дага ца деанера кIантана шен ненан мотт бицлур бу бохург.

– Уми ойлане йуьйжира. Цунна дагадеара шовзткье кхоалгIа шо. Дагадеара цхьаъ бен воцу кIант ша тIаме новкъавакkхар. Дагадеара вокзалехь дукkха а нах хьаьвддий-бевддий лелар. ЦIаьххьана, бакъдолуш санна цунна хезира шен кIентан аз, хIетахь оцу шийлачу Iуьйранна дегайовхонца декна долу: «Нана, ас дуй буу хьуна, со йухавоьрзур ву хьомечу лаьмнашка – Даймахке».

Вочу ойланаша некхе лазар туьйхира кьеначу Умина. ГIийла делха доладелира дог...

Чуволлушехь кехат схьаийцира хьехархочо.

«Де дика хуьлда хьан, сан хьоме Уми, – гочдан вуьйлира хьехархо. – Муха Iаш йу хьо? ДагавогIий хьуна со? Ас йаздо хьоьга хIара могIанаш, гIийла велха а воьлхуш. Хьуна ма мотталахь, шелехь, гIелехь массарна а вицвелла, хийрачу нехан неIаршка хIуьттуш, со лелаш ву. ХIан-хIа. Сан цIа а, доьзал а, машен а ю. Сингаттамо таIийначу дагна йеззарг эца йиш йу сан. Амма бац сан Даймохк, мел дукха ахча даларх, и эца таро а йац...

Со хедира цунах фронте дIа ма-вахханехь: шовзткъе кхоалгIачу шеран декабрь

баттахьсо йийсаре вигира мостагIаша.

ТIаккха – концлагерь.Французашщацучуьра ведда, къилбен Франце вахара со. Зуда йалийра. Ткъа цул тIаьхьа цIа ван дага ца деара.

Сан къизачу кхолламо со ца кхачош хIун меттиг йисира: ах дуьне теллира ас, айса лоьху синтем ца карош.

Ткъа дукха хан йоццуш Истамал-гIалахь цхьа некъахо кхайкхира соьга. Вай санна кхайкхира: «ХIей!». Некъаш хедош со тIехьаьдира цунна, амма тIегIоьртинчу машенаша некъ бихкира сан.

Со миччахь хиларх, суна тIаьхьа уьду и тамашена аз: «ХIей!». Набарх а воккху цо.

Цул тIаьхьа ас ойла йира: сан нана йай и-м соьга кхойкхуш. Даймохк бу шен тилвеллачу кIанте мохь бетташ. Цхьана маьIаргонна цIа а вогIура со хIетахь: сайн хIуманаш дIа а хьарчийна, кехаташ а кечдина тохавелира, тIаккха а ца хIоьттира со: дIавоьдуш къона а, могаш а, хаза а ма вара со, ткъа бакъо йуй сан къежвелла, къанвелла вуоча а ваьлла, вухаверза».

Масийтта шо хьалха эвлах йелира адамийн тоба. Царна деза дара шаьш дIавуллург дийна ву, вац цахаар. Уми дуьхьал йара, цо дехарш дора моллига. Амма гIиллакхо лоьхура дийна верг а дIаволлар, нагахь цо Даймохк дIатеснехь, нагахь иза тIепаза вайнехь.

Иштта дIавоьллира кIант.

Умина хетара шен кIанте болу безам лахьте берзийча санна. Амма и тешара, цо сатуьйсура, туьйранахь санна, цхьа тамашена хIума хиларе.

Ткъа хIинца хIара кехат...

ХIаъ, хIинца цIаьххьана кхийтира Уми шегара даьллачу гIалатах: цIа воьрзур вац цуьнан кIант цкъа а, вистхир вац цуьнга шен дайн маттахь, велла цуьнан кIант, велла тоххарехь.

Оцу ойланах Уми гIийла къурдаш дан йуьйлира. БIаьрхиша цуьнан садукъдора. Дерриг дуьне бIаьрхиш хилла даьржинера.

Ткъа и дахаре йухайерзийра геннара, стиглан бухара, схьахезачу маьхьарша. Иза хьалахьаьжира, дехха могIанаш дина цхьа Iаьржа тIадамаш дара цигахь гуш. ТIаккха цунна хезира цхьа тамашена аьзнаш. Иза дара дуьненахь а уггаре гIийла илли – Даймахках къаьсташ гIаргIулийн илли. I.-Хь.I. Хатуев (483 дош)

Хьесап:

1. КІантера кехат. 4. Ненан ойланаш кІаргйалар.

2. Хьехархочуьнга кхайкха вахар. 5. Умин гІийла къурдаш.

3. Кехатан Іийжаме могІанаш. 6. ГІаргІулийн илли.

Тесташ

«Къамелан дакъош» темина талламан болх

Тест № 1 (1-ра вариант)

1. Нохчийн маттахь къамелан дакъа ду:

1) 6;

2) 3;

3) 4;

4) 10.

2. Нохчийн маттахь коьрта къамелан дакъа ду:

1) 10;

2) 9;

3) 6;

4) 3.

3. ГІуллакхан къамелан дакъош ду:

1) дештІаьхье, хуттург, дакъалг;

2) дештІаьхье, хуттург, дакъалг, айдардош;

3) цІердош, билгалдош, терахьдош, цІерметдош, куцдош, хандош;

4) цІердош, билгалдош, терахьдош, цІерметдош, куцдош, хандош, дештІаьхье, хуттург, дакъалг, айдардош.

4. ЦІердош:

1) къамелан дакъа ду;

2) предложенин коьрта меже йу;

3) предложенин коьртаза меже йу;

4) предложенин шакъаьстина меже йу.

5. Хандешан хIоттаман сказуеми ду:

1) йижаза йара;

2) хьоьхур ду;

3) лекхира йиш;4) йаха кечйелира.

6. Дацаран дакъалг ца цIердешнашца … яздо:

1) даима цхьаьна;

2) къаьстина;

3) наггахь цхьаьна;

4) наггахь къаьстина.

7. Терахьдешнаш хуьлу:

1) цхьалхе, чолхе, хIоттаман;

2) мухаллин, доладерзоран;

3) йаххьийн, къастамза, гайтаран;

4) берта, бертаза.

8. ХIара дешнаш дакъалгаш ду:

1) ткъа, делахь а, йа, хIетте а;

2) чу, тIехь, кIел, уллохь;

3) чул, амма, бакъду, цхьабакъду;

4) дуьххьадIа, ур-атталла, хьовха.

9. «Сихвала» хандешан хан билгалйаккха:

1.йахана хан;

2.карара хан;

3.йогIу хан;

4.нийса жоп дац.

10. ХIара цIерметдешнаш дефисца ца яздо:

1) цхьа?волу, кхи?волу, наггахь?волу;

2) со?со, и?ша, шу?шаьш;

3) муьлх?муьлха, мил?милла, хьаъ?хьаъа а;

4) тхо?тхаьш, шун?шайниг, цуьнан?шен.

11. Айдардешнаш кхаа тайпане декъа тарло:

1) мухаллин, доладерзоран, юкъаметтигаллин;

2) азтардаран, синхаамийн, кхайкхаран;

3) цхьалхе, чолхе, хIоттаман;

4) хенан, меттиган, бараман.

12. ДештIаьхье:

1) къамелан дакъа ду;

2) дешан дакъа ду;

3) предложенин меже йу;

4) йукъадало дош ду.

13. Куцдешан предложенехь … уьйр хуьлу:

1) цIердашца;

2) хандашца;

3) билгалдашца;

4) терахьдашца.

14. ХIара цIердешнаш цхьаллин терахьехь бен ца лела:

1) йовхарш, аьшпаш, йоькаш;

2) стаг, йоI, йис;

3) Салман, Iийса, Асет;

4) хьонка, хIаваъ, тов.

15. РогIаллин терахьдашо гойту:

1.масалла;

2.рогIалла;

3.мухалла;

4.хан.

«Къамелан дакъош» темина талламан болх

Тест № 1 (2-гIа вариант)

1. Вешан ойла а, дагахь дерг а вай дIадуьйцу маттаца.

ХIокху предложенера хандош ду:

1) йаханчу хенан;

2) карарчу хенан;

3) йогIучу хенан;

4) билгалзачу кепехь.

2. Цо стоьла тIе кехат диллира.

ХIокху предложенехь дештIаьхье йу:

1) цо;

2) тIе;

3) кехат;

4) диллира.

3. ХIара хандешнаш хьалхарчу спряжени чу догIу:

1) деша, хатта;

2) ласта, теша;

3) такха, лачкъа;

4) латта, Iама.

4. «ГIелвала» хандешан хан билгалйаккха:

1.йахана хан;

2.карара хан;

3.йогIу хан;

4.нийса жоп дац.

5. Мухаллин билгалдешнийн даржаш ду:

1) йуьхьан, йуьхьза, йукъара;

2) йуьхьанцара, дустаран, тIехдаларан;

3) цхьалхе, чолхе, хIоттаман;

4) коьрта а, коьртаза а.

6. Дош карладоккхуш кхолладелла чолхе куцдешнаш йаздо:

1) дефисца;

2) къаьстина;

3) цхьаьна;

4) цIоьмалгаца.

7. ХIумма а, аддам а боху цIерметдешнаш ду:

1) гайтаран;

2) хаттаран;

3) дацаран;

4) дерзоран.

8.Цхьацца, шишша, пхиппа терахьдешнийн тайпа ду:

1) масаллин;

2) рогIаллин;

3) декъаран;

4) дакъойн.

9. ХIара цIердешнаш 4-чу легар чу догIу:

1.адам, дуьне, йамартло;

2.йоза, бIов, ков;

3.эчиг, дечиг, диг;

4.дошло, доттагI, мостагI.

10. Билгалдешнаш хуьлу:

1) берта а, бертаза а;

2) лааме а, лаамаза а;

3) долахь а, йукъара а;

4) къастаман а, къастамза а.

11. ХIара билгалдешнаш даржашца хийцало:

1.мухаллин билгалдешнаш;

2.йукъаметтигаллин билгалдешнаш;

3.доланиг дожаран кепах хилла билгалдешнаш;

4.билгалдешнаш даржашца хийца ца ло.

12. ДIабаханчу беттан ткъе итте а де хаза лаьттира.

ХIокху предложенера терахьдош ду:

1) хIоттаман;

2) чолхе;

3) цхьалхе;

4) декъаран.

13. Бовр буй-техьа хьоь болу сан безам цкъа а, гур вуй-техьа сайл дукхах хьо йезарг цхъа а.

ХIокху предложенера билгалдаьхна дешнаш ду:

1.айдардешнаш;

2.хуттургаш;

3.дакъалгаш;

4.дештIаьхьенаш.

14. Куцдош ду:

1) оьзда йоI, дашо малх;

2) мела мох, шийла шовда;

3) шолгIа шо, ткъа синтар;

4) меллаша вогIу, шозза эли.

15. Айдардешнаш предложенехь:

1) меженаш хуьлу;

2) меженаш ца хуьлу;

3) меженаш хуьлу айдардош даьржина хилча;

4) меженаш хуьлу айдардош даьржина ца хилча.

1 курс

Нохчийн литература

РогӀалла

Предметан таллам бен дакъа

Мах хадоран гӀирсан цӀе

1.Арсанов С-Б.А. «Маца девза доттагӀалла» роман

«Маца девза доттагӀалла» романан исбаьхьаллин башхалла» сочинени

2.Мамакаев М.А. «Зеламха» роман

«Зеламха» романехь коьртачу турпалхочун васт» сочинени

3.Нохчийн литература.

Эдилов Х.Э. «Сийлаха» поэма

«Сийлаха» поэмехь ИбрахӀиман васт» сочинени

4.Дешаран шарахь Ӏамийнарг карладаккхар

«Ненан мотт – сан дозалла!» сочинени.

Тест

Тесташ

Тест № 1 (1-ра вариант)

1. «Маца девза доттагIалла» цIе йолчу исторически романан автор ву:

1) Мамакаев Мохьмад;

2) Ошаев Халид;

3) Арсанов СаьIид-Бей;

4) Нажаев Ахьмад.

2. Ахмадов Мусан «Лаьмнел лекха» драмин турпалхо ву:

1.ГIойсум;

2.Жаьмбик;

3.Элси;

4.Леча.

3. Произведенехь йаздархочо гойтучу коьртачу ойланах йа цунна ала луучух … олу:

1.эпиграф;

2.метафора;

3.тема;

4.идея.

4. Нохчийн поэтан Яралиев Юсупан къинхьегаман дахар дIадоладелла:

1969-чу шарахь;

1976-чу шарахь;

1985-чу шарахь;

1991-чу шарахь.

5. Исбаьхьаллин произведенешкахь адамийн амалш а, дахар а гайтаран кепах … олу:

1) автограф;

2) васт;

3) жанр; 4) тема.

6. Бексултанов Мусан «Дахаран хин генара бердаш» повестан тема ю:

1) безаман;

2) доттагIаллин;

3) исторически;

4) доьзалан.

7. «Деззачу атлазан дарин йу таппаш, ахь цIе тоьхханарг хадор йу ас».

ХIокху поэмин юккъера бу и могIа:

1) «Заманан лараш»;

2) «Кханенга воьду»;

3) «Лаьттан цинц»;

4) «Сийлаха».

8. Нохчийн литературехь дуьххьара поэма йазйинарг ву:

1) НажаевАхьмад;

2) Мамакаев Мохьмад;

3) Арсанукаев Шайхи;

4) Мамакаев Iаьрби.

9. ХIума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучу суртхIотточу гIирсах … олу:

1) аллегори;

2) олицетворени;

3) пейзаж;

4) эпитет.

10. «ЦIий хуьйдина лаьмнаш» цIе йолчу поэмин автор ву:

1) Бадуев СаьIид;

2) Мамакаев Мохьмад;

3) Мамакаев Іаьрби; 4) Бексултанов Муса.

11. Абдулаев Лечин «Къонахийн некъ хуьлуш бацийца атта» цІе йолу стихотворени лерина ю:

Айдамиров Абузарна.

Мамакаев Іаьрбина.

Ахмадов Мусана.

Ошаев Халидна.

12. Нохчийн литературехь дуьххьара дийцар йаздинарг ву:

1) Сальмурзаев Мохьмад;

2) Ошаев Халид;

3) Бадуев СаьІид;

4) Нажаев Ахьмад.

13. Эдилов Хас-Мохьмадан «Сийлахa» поэмехь ИбрахІиман доьзал дакъазбаьккхинарг ю:

1) Жовжан;

2) Бикату;

3) Маржан;

4) Аружа.

14.«Даймехкан декхаро гІаттийна вогІу со…»

ХІокху дешнийн автор ву:

1) Айдамиров Абузар.

2) Арсанукаев Шайхи.

3) Мамакаев Мохьмад.

4) Дикаев Мохьмад

15. Произведени дIайолалуш далийначу, цуьнан коьрта маьIна шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу.

долор;

кица;

эпиграф;

эпитет.

Тест № 1 (2-гIа вариант)

1. «Маца девза доттагIалла» цIе йолчу исторически романан автор ву:

1) Мамакаев Мохьмад;

2) Ошаев Халид;

3) Арсанов СаьIид-Бей;

4) Нажаев Ахьмад.

2. «Александр Чеченский» повестан коьрта турпалхо хIокху йуьртара дIавигна вара:

1) АтагIара;

2) Чечанара;

3) ГIойтIара;

4) Алдара.

3. «Зеламха» цIе йолу роман хIокху жанрехь йазйина йу:

1.публицистически;

2) исторически;

3) фантастически;

4) реалистически.

4. Нохчийн поэт Цуруев Шарип дуьххьара зорбане ваьлла:

1.1969-чу шарахь;

2.1977-чу шарахь;

3.1985-чу шарахь;   4.1991-чу шарахь.

5.«Кхийра кхаба» стихотворенин автор ву:

1) Исмаилов Абу;

2) Абдулаев Леча;

3)Яшуркаев Султан;

4) Цуруев Шарип.

6. Произведени дIайолалуш далийначу, цуьнан коьрта маьIна шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу.

1.долор;

2.кица;

3.эпиграф;

4.эпитет.

7.«Деззачу атлазан дарин йу таппаш, ахь цIе тоьхханарг хадор йу ас».

Х1окху поэмин йуккъера бу и могIа:

1) «Заманан лараш»;

2) «Кханенга воьду»;

3) «Лаьттан цинц»;

4) «Сийлаха».

8. Бексултанов Мусан «Дахаран хин генара бердаш» повестан тема ю:

1) безаман;

2) доттагIаллин;

3) исторически;

4) доьзалан.

9. «Элпаш ас ишколехь Iамийнехь а, оьшучу вастехь со яздан Iамийнарг газета ду»

ХIокху дешнийн автор мила ву:

1) Айсханов Шамсудди;

2) Мамакаев Мохьмад;

3) Сальмурзаев Мохьмад;

4) Дудаев Iабди.

10. Исбаьхьаллин произведенешкахь адамийнш амал а, дахар а гайтаран кепах … олу:

1)васт;

2) автограф;

3) жанр;

4) тема.

11. Эдилов Хас-Мохьмада дуьххьара йазйина поэма ю:

1) «Нохчийн кIант Волгин йистехь»;

2) «Сийлаха»;

3) «Ненан безам»;

4) «Октябран серло».

12. «Зеламха» цIе йолчу романехь дов доладелира:

1) ахча къевсина;

2) Зезаг къевсина;

3) латта къевсина;

4) дош-даше даларна.

13. Нохчийн литературехь дуьххьара дийцар йаздинарг ву:

1) Сальмурзаев Мохьмад;

2) Ошаев Халид;

3) Бадуев СаьIид;

4) Нажаев Ахьмад.

14. Ахмадов Мусан «Лаьмнел лекха» драмин турпалхо ву:

ГІойсум;

Жаьмбик;

Элси;

Леча.

15. ХІума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучу суртхІотточу гІирсах … олу:

1) аллегори;

2) олицетворени;

3) пейзаж;

4) эпитет.

3курс

Нохчийн мотт

РогIалла

Предметан таллам бен дакъа

Мах хадоран гIирсан цIе

1Синтаксис, пунктуаци, цхьалхе предложени

«Микин дахар» талламан болх.

«Бабин беркате тIорказ» изложени

2.Чолхе предложени

«Борз» талламан болх

3.Ма-дарра а, лач а къамел

«Дохкойала, нана» изложени

4.Пунктуаци

«Бохам» талламан болх.

Тест «Чолхе предложенеш»

Талламан диктант № 1

Микин дахар

Генарчу Алтайн пана лаьттачу лаьмнийн сийначу хьаннаша хьулйина Iуьллу Лесное-йурт. Оцу йуьртахь цкъа дукхе-дукха хьалха ханнийн лохачу цIа чохь шен дененаца вехаш Iаш вара Мика. Микин да тIам тIехь вийнера. Цуьнан, нохчий цIера бохуш, вагон тIехь нана а кхелхинера. Хала дара оцу махкахь адамийн дахар, къаьсттина шайн махках баьхначу нохчийн а долуш. Ло диллича, тIебогIуш некъ цахиларна, йоцачу аьхка бора цигарчу наха Iаьнна кечам. Шен итт шо бен дацахь а, Йоккхачу Бабица эса Iаьнера даккхал докъар гулдора Микас. Йуьйш, асарш деш, баьрзнаш деш, картолаш лелайора, гурахь схьайохий, цIийна бухахь долчу ор чу йерзайора.

Журавлиха олуш, чохь чIерий долуш, хаза хьаьъна хи дара йуьртан йуккъехула лам чуьра охьадогIуш. ХIорш хьалха Iийначу генарчу Нохчийчоьнан ламанан хих, БIаьстах, тера дара Журавлиха, цкъа тийна, йуха зевне, хьаьъна догIуш.

Цкъа цхьана хенахь гӀаргӀулеш гуллуш хилла боху кхуьнан бердашца. Цундела тиллина хина и хаза цӀе. Оцу хица шен хенарчу берашца хьалаоьхуш, схьадевлча цӀазамаш а, гурахь хилча мангал-комарш а, кхезарш а кхоьхьура Микас тускар чохь. Дукха гена девлча, хьуьнан кӀоргехь тилалуш меттиг а йогӀура берийн. ТӀаккха масийтта агӀор шайтӀанан маьхьаро дӀасакхоьхьуш, тилвеллачун мохь хезара.Хь.Ш.Яндарбиев(177 дош)

Талламан диктант № 2

Борз

Лаьтта тӀехь акхарой, дийнаташ, сагалматаш бен ца хиллачу ширачу заманахь цхьа чӀогӀа мох баьлла хилла. Дитташ охьадеттаделла, хӀордаш, хиш лаьтта тӀехула даьржина, лаьмнаш охьахирцина, къематде хӀоьттина хилла.

Йерриге садолу хӀума дӀасайедда. Йеккъа цхьа борз йисна цу махана дуьхьал йирзина, шекйоцуш. Мера тӀера цӀоганна тӀе кхаччалц шен схьайаьлла цӀока махо ловзош, хиъна lаш хилла гила борз. Кхано, цхьа хан йаьлча, мох дӀатийна, сирла малх а хьаьжна, дӀахӀоьттина Латта. Йерриге садолчу хӀумано, тӀе а гулйелла, хеттарш дина:

– Дитташ охьадетташ, лаьтта тӀехула хиш даьржина, лаьмнаш охьахерцаш, массо а садолу хӀума шайн са дадийна йеддий-хьаьддий лелачу хенахь, хьо меттах а ма ца йелира, ва борз?

ДегӀа тӀера охьаледаш цӀийн тӀадамаш долуш, генна дӀахьажийна ши бӀаьрг болуш, курра Ӏачу барзо жоп делла:

– Сан когаш бухахь дерг сан дайн латта ду, мел къематде тӀедарах, Даймохк битина, йаха меттиг болуш йац со хӀокху Лаьтта тӀехь.

Ойлане кортош а охкийна, йуьхьӀаьржа а хӀиттина, бенашка дӀасайахана акхарой. Борз-м йисна, царна тӀаьхьа а хьоьжуш, шена хиллачу чевнаша дегӀ а Ӏийжош, кога акха йала шен кхин Даймохк а боцуш.

Нохчийн фольклор(169 дош)

ТӀедиллар.

Текстера тӀедерзар схьаязде.

1-чу предложенера къастамаш схьайазбе.

Текстан тӀаьххьара предложени синтаксически талла.

Шеран талламан диктант № 3

Бохам

Пхи шо дара моьтту суна сайн цу гурахь, Іаьнна кечйинчу алах сан вашас цІе тесча. Тхойшиъ сирникех ловзуш вара, вовшашна уьш, лета а йеш, тІекхуьйсуш; сарахь дара иза, маьркІажан бода къовлалуш.

Сан ваша, сол ши шо воккхахволу, тІаьххьара а, и ловзар кІорда а дина, ала тІе сирникаш кхийса хІоьттира. Асамохь хьоькхура, саца бохуш. ЦІе эххар а марсайелира, тхойшинга дІа а ца йайъалуш.

Тхойшиъ ведда, божалан тхов тІе а ваьлла, дІалечкъира, шипаран бисткхачалучухула хьерайаьллачу цІаре а хьоьжуш. Йол дукха йара, арц санна, ирх а йахана, рагІу санна, йехха йоьттина. Маьхьарий дара тхойшинна хезаш, тхан да а, девежарий а, лулахой а болуш йукъахь. «Ши кІант лаха, ши кІант! – бохуш, мохь беттара тхан дас. – Йол йита, ши кІант схьалаха, ваьгний хьажа ши кІант!»

Со вилхира, мохь а баьлла, дена тхойшиъ велла моьттиний а хиъна.

И йогу цІе а, маьхьарий а, и дІасауьду нах а битина, дас тхов тІера охьаваьккхира тхойша: «Велха ма велха, дукхаваха шуьшиъ, шуьшиъ дийна хилчхьана... йол-м жІаьлеша йаахьара», – бохуш, тхойшиъ кхеравеллий а хиъна, веларца хьеста а хьоьстуш. М.Э. Бексултанов(169 дош)

ТІедиллар.

Текстера шакъаьстина къастам схьайазбе.

Текстера хуттургаш йоцу чолхе предложени схьалаха, цуьнан грамматически лардаш билгалйаха.

3-чу абзацера ма-дарра къамелан схема хІоттайе.

Изложенеш .Бабин беркате тІорказ

Жимачу хенахь башха иэс ца хуьлу кегийчеран гонаха долчун терго йан: Даймехкан хазаллин, къоман сийлаллин, йуьртахойн гІиллакхийн, лулахойн дикаллин, баккхийчу нехан мехаллин. Де кхоьлина ца хилчахьана, дуьненан исбаьхьалле кхийда дог маьрша дитича, цунах тоам беш лела бераллехь.

Цхьана хазачу бІаьстенан дийнахь ненера пурба а даьккхина, Шовда денана йолчу йаханера, жимма цуьнца марзо эца. Бабина чІогІа дукхайезара жима Шовда. Ша йолчу йеъча, цунна там бан гІертара. Нанас шега цІахь, йохайарна кхоьруш, ца йуьлуьйту пхьегІаш йуьлуьйтура. Мухха хьакхахь а, шен чу нуй, горгам хьокхуьйтура. ТІаккха цо диначу гІуллакхашна, бекхамна санна, сихха

нохчийн пешан цӀергахь сискал йоттий, цуьнца йетшура молуьйтура.

Жимма луьйш-олуш Ӏийначул тӀаьхьа, Шовдина уггар мерза хета къайле гучуйоккхура бабас. Шен даг тӀе гилгаш дохуш санна, хетара йоӀана, цо шен куьйган керайукъахь масех шекаран бӀелиг кховдийча. Ткъа наггахь гӀожан буьххьехь долу цӀазамаш а, бӀараш а лора.

Шовдина хазахетара бабин тӀорказ. Цхьа хаза, тайп-тайпанчу басаршца дехкина тӀехь зезагаш, тӀетесна тир йаьккхина кечдина кӀадин киса. ЙоӀана моьттура бабин массо а къайле цу чохь лачкъийна йу. Шен бераллин хьекъале хьаьжжина, и къайле лаьтташ йу моьттура цу чохь долчу дуккха а бӀелигех, кампетех, кхийолчу бес-бесарчу хӀуманех.

Иштта цхьана дийнахь йоӀа бабица къамеле йаьллачохь хаьттира:

– Баба, гуттар и хьан тӀорказ дуьйцуш ма хуьлу Зийдат, цо йоккха меттиг дӀалоцу бохуш. Иза ара ца доккхуьйтуш, халахета, моьтту суна, цунна. Ахь ма олий, хьан цу чохь дуьненан меха йолу къайле йу. Зийдатца ца доькъу ахь, соьца санна, цу чуьра хьайн мерза бӀелигаш а, кампеташ а?

И хаттар хезча, баба доггах йелайелира. Цул тӀаьхьа Шовда куьг лаьцна меллаша тӀорказна тӀейигира цо. Цунна тоьхна долу догӀа схьа а даьстина, хьалайехира цу чуьра дуккха а хӀуманаш. Амма йоьӀан бӀаьрг ца кхийтира ша сатуьйсучух. Цхьа лерина дӀахьарчийна тиша бедарш схьайаьстира бабас.

– ХӀара сан деден Хьаьжин-цӀа воьдуш тӀехь хилла духар ду. Кху духаран йозалла йиийцина ца йаллал йеза йу. Оцу хенахь Хьаьжин-цӀа гӀаш боьлхура нах. Сан дедена дуккха халонаш тӀеӀиттайелла некъан бохаллехь. Халонашца цхьаьна тишдала доладелла хилла духар. Амма ша цӀавирзича, шена гучувала веанчу стагана и тӀехь долуш маракхеташ хилла иза,хийла цига кхача сатесначу стеган ког а, бӀаьрг а ца кхаьчначу йезачу меттигашкахь шена тӀехь дӀа а, схьа а деана духар ду хӀара бохуш. Цуьнан дозаллина тхан дененас хӀара массарна а гучохь кхозуш латтадора, – дийцира цо.

ТӀаккха тӀетуьйхира:

– ХӀара сан ненанана Кулсум маре йоьдуш цунна тӀехь хилла гӀабали а, цу юкъах дихкина хилла долу дато доьхка а ду.

Кхин а цхьацца шира, шен дагна хьоме хӀуманаш гайтира бабас йоӀана.

– Шовда, хӀара йу-кх хьан Бабин йерриг къайле, – дегочу озаца элира йоккхачу стага. Ш. Х.Дашаева (404 дош)

Хьесап:

1. Бераллин хан.

2. Шовда денана йолчу йахар.

3. Бабин тIорказ.

4. Шовдин хаттар.

5. Бабин къайле.

2. Дохкойала, нана

Бер дIа а дижийна, нана дIайахна. Мел шек доцуш Iуьллу иза мерзачу набарх.

Там хир барий-техьа цунна нана йоцчу кхечуьнгара? ХIан-хIа. Иза цуьнан нана йу: дуьненан марзо, бIаьрган серло, деган йовхо. Иштта беран марзонах йоьллачу нанна а синтем ца хуьлу бер дуьзна а, деладелла а ца хилча. Мосазза мерзачу набарх йуьйлуш, шен гIийлачу узамца охьадижийна цо иза.

Нагахь и сиркхо хилча, гIайгIанах кийра бузий, ойланна гIелло нана. Дагарадолий-техьа нанна бер цкъа а? ХIан-хIа. Иза диццдина цхьа минот а ца йоьду цуьнан. Ша мел сиха, йуькъачу гIовгIанашкахь йалларх, беран аз кхочу ненан лере, мел генахь хиларх.

И шен бер дIа а тесна, лелалур ярий-техьа нана? Мичара! Берах ца йала пхьид йиъна, боху, нанас. Иза нийса ду. Бер – ненан сих са хуттуш, дагца дог нисдеш, бIаьр-нуьрца нур кхоллалуш, цуьнан цIийх схьадаьлла ма ду. Шен дегIан са а берал мерза хир дац нанна. Нанна бер хаза гIан санна деза ду. И доккха хиларе сатуьйсуш, багара церг ларйеш, ткъа дуьххьара и карийча мел хаза кхаъ кхочу нене.

– Алахь, сан хазаниг, – бохуш, доьлучу дагца нанас берана Iамабо шен халкъан сийлахь мотт. Ткъа хуьлийла йуй къинхетам байна нана. ХIан-хIа. Нана, беро ша дуьххьар дуьненчу долуш, шена хуучу маттахь шега гIо дехнарг йу. Цундела нанна беран марзо йоккха йу дуьненан массо исбаьхьаллел.

Иштта деза бер дижийна, нана дIайахна-кх. ХIун ду нанас лелориг?

Майрачунна оьгIазйахарх, хIун къуьйсу ахь бераца? Хаалахь: хьан оьгIазаллех берриге бохам берана хуьлий. Шен дегIе куьг кхаччалц, декъаза де лелош, ша хIума хаъал хилча «нана» боху дош дицделла, хьуна тIедан даго ца дуьтуш, лелар ду хьуна иза. Ткъа къа дац цуьнан, дуьненахь нана боху дош ала йиш йоцуш кхиа доьлча?

Диц ма де, бер дIа а дижийна, хьо дIайаха хьалагIоттуш, беран цIаьххьана мохь

баьлла, цо хьайх катохар.

– Хьох йаьлла Іелур йуй-техьа? – бохуш, ахь йаьхначу обанийн тача хІинца а данза ду беран йуьхь тІера.

Дохкойала, нана, хьайн бер самадалале. Мел холчахІуттур ду иза, ша самадаьлча, хьо йуххехь ца гахь.

Къа ца хета хьуна, чоь ма-йийу дІасахьоьжуш, хьоькхучу маьхьарца массо орцахваьккхина, хьо тІейалайар доьхуш, холчахІутту долчу цунах.

Дохкойала, нана: гІенах, самах хьо лоьхуш, синтем байна хьийза долчу цу хьайн беран къа хьаьрчарий-техьа хьох.

Дохкойала, нана, хьайн дилхан дог дашадай, къинхетам, безам цунна чохь гулбай; хьайн дахарехь ахь дендолчу массо диканал, и самадалале, хьо цунна гар ду.

Дитахь, хІай нана, ца къийсича мега дерш, царах хьунайа нахана цуьрриг хила пайда бац, нагахь да-нана дезна, уьш ахь лийринехь, хьо йезийта хаалахь, хьайн жимачу кІорнина.

Дохкойала, сихха, берах ма къаста! І.У.Юсупов (408 дош)

Хьесап:

1. Бер дижийна, дІайахна нана.

2. Нанна бер чІогІа деза ду.

3. ДІайаккха оьгІазло хьайн даг чуьра, хІай, къинхетаме нана!

4. Хьайн жимачу беран дуьхьа дохкойала, нана!

Тесташ

Тест № 1 (1-ра вариант)

1. Предложени олу:

1) рогӀехь дӀайаздинчу дешнех;

2) ойланан а, къамелан а уггар цхьалхечу декъах;

3) йозанехь вовшахкхеттачу дешнех;

4) дешнийн цхьаьнакхетарех.

2. Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш, дешан хийцалучу декъах олу:

1) суффикс;

2) чаккхе;

3) лард;

4) дешхьалхе.

3. Варийлахь(1) Дука(2) нуй (3) шайн Бабин неӀара тӀехьарниг мабалахь(4) и (5) суна бевзар бу хьуна.

ХӀокху предложенехь цӀоьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1) 1,2,4. 2) 2,4,5. 3) 1,3,4,5. 4) 1,2,3,4.

4.Дуккха а адамаш, къаьсттина бераш, чӀогӀа хазахеташ хьуьйсура хаьхкинчу говрашка.

ХӀокху предложенера билгалдаьхна дешнаш ду:

1) шакъаьстина йуххедиллар;

2) даьржина тӀедерзар;

3) йукъадало дешнаш;

4) латтаман дурс.

5. Нохчийн маттахь легар къастадо:

1) доланиг дожаран чаккхенца;

2) коьчалниг дожаран чаккхенца;

3) дийриг дожаран чаккхенца; 4) хотталург дожаран чаккхенца.

6. Доцца аьлча, экскурси дика чекхйелира.

ХIокху предложенера доцца аьлча бохург:

1) йукъадало дош ду;

2) хуттург йу;

3) даран суьртан латтам бу;

4) шакъаьстина меже йу.

7. ХIара дешнаш антонимаш дац:

1) йахь – хьагI;

2) ирс – докъазалла;

3) буьйр – омра;

4) комаьрша – пис.

8. Орфографи олу:

1) меттан дерриге а дешнех;

2) дешнийн нийсайаздар Iамочу бакъонех;

3) йозанехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонех;

4) меттиган маттах.

9. Дешан хIоттаман дакъош ду:

1) подлежащи, сказуеми, къастам;

2) цIердош, билгалдош, куцдош;

3) орам, чаккхе, дешхьалхе, суффикс, лард;

4) айдардош, дештIаьхье, дакъалг, хуттург.

10. Терахьдешнаш хуьлу:

1) цхьалхе, чолхе, хIоттаман;

2) мухаллин, доладерзоран;

3) йаххьийн, къастамза, гайтаран;

4) берта, бертаза.

11. Дацаран дакъалг ца деепричастицайаздо:

1) даима цхьаьна;

2) даима къаьстина;

3) цхьаьна а, къаьстина а;

4) дефисца.

12. Дуьххьарлера нохчийн абат («Нохчийн джуз ду хIара») хIоттийнарг вара:

1) Досов Къеда.

2) Эльдарханов Таьштамар.

3) Ошаев Халид.

4) Солтаханов Эльбек.

13. Латтаман дурсду хIокху предложенехь:

1) Селхана, уьссалгIачу ноябрехь, гIурбанан хьалхара де дара.

2) Карина, ненан цхьаъ бен йоцу йоI, чIогIа качйина йара.

3) Кхин охьаа ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4) Цуьнан да, Iилманча, дика вевзаш вара Нохчийчохь.

14. Сахиллалц шен хазачу эшаршца иза новкъайоккху зарзаро.

ХIокху предложенин грамматически лард йу

1) иза новкъайоккху;

2) новкъайоккху зарзаро;

3) эшаршца новкъайоккху;

4) новкъайоккху.

15. Чолхе предложени олу:

1) шина йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

2) йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

3) кхаа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

4) пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух.

Тест № 1 (2-гIа вариант)

1. Предложенино гойту:

1) адамаша ден къамел;

2) адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3) вовшашца уьйр йолуш цхьаьнакхетта дешнаш;

4) дешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

2. Дешан хIоттаман дакъош ду:

1) подлежащи, сказуеми, къастам;

2) цIердош, билгалдош, куцдош;

3) орам, чаккхе, дешхьалхе, суффикс, лард;

4) айдардош, дештIаьхье, дакъалг, хуттург.

3. Доцца аьлча, экскурси дика чекхйелира.

XIокху предложенера доцца аьлча бохург:

1) йукъадало дош ду;

2) хуттург йу;3) даран суьртан латтам бу;

4) шакъаьстина меже йу.

4. Подлежащи хуьлу:

1) лааме, лаамаза;

2) грамматически, логически;

3) мухаллин, меттиган;

4) берта, бертаза.

5. Лексика бохучу декъа йукъа ца йогIу:

1) лексикологи;

2) семасиологи;

3) лексикографи;

4) орфографи.

6. ХIара предложени йукъара-йуьхьан йу:

1) БIаьстенан мохо бешара гIаш лестадора.

2) Нехан динара хотталахь вуссу.

3) Селхана регIахь догIа деара.

4) Арахь шелйелла.

7.Iуьйранна кхеттачу малхо чехка башийра буткъа ша.

ХIокху предложенин грамматически лард йу:

1) башийра ша;

2) кхеттачу малхо;

3) малхо башийра;

4) чехка башийра ша

8.Кхушара къаьсттина хьийкъинера муьргаш.

ХIокху предложенехь къаьсттинабоху дош:

1) латтам бу;

2) къастам бу;

3) кхачам бу;

4) цхьа меже йац.

9. ХIара дешнаш синонимаш ду:

1) стигал – латта;

2) гоьза – гарс;

3) токхо – йакхо;

4) дахар – Iожалла.

10. Хьоме дешархой, шаьш дуьненчохь дехаш мел ду, мехкан а, халкъан а сий ларделаш.

ХIокху предложенерахьоме дешархой:

1) даьржина тIедерзар ду;

2) латтаман дурс ду;

3) предложенин шакъаьстина меженаш йу;

4) йукъадало дешнаш ду.

11. Массо а машарца ваха веза бохуш, закон ду-кх вайн мехкан.

ХIокху предложенера тIетуху предложени йу:

1) бахьанин;

2) бехкаман;

3) къастаман;

4) кхачаман.

12. Оцу минотехь йай-й шок туьйхира?Мохьмад луьйчуьра сецира.

ХIокху предложенехь:

1) цIоьмалг йилла йеза;

2) тире йилла йеза;

3)тIадам билла беза;

4) шитIадам билла беза.

13.Хоийла хьуна (1) мел хала бакъо а(2) нагахь (3) кхоччуш (4) дика хьо цунах кхеташ хуьлий (5) хьайга нийса а (6) кхетош а (7) йийцалур йуй.

ХIокху предложенехь цIоьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1) 2,3,5,6. 2) 1,3,5,6,7. 3) 1,2,3,4,5,6. 4) 1,2,5,6.

14.Тешам? иза къонахчун коьрта амал йу. Мотт? иза массо хIуманан а бух бу.

ХIокхупредложенешкахь:

1) цIоьмалг йилла йеза;

2) тIадам билла беза;3)тире йилла йеза;

4) шитIадам билла беза.

15.ХIинца вайн йолу алфавит тIеэцна:

1) 1908 шарахь;

2) 1918 шарахь;

3) 1927 шарахь;

4) 1938 шарахь.

Тест № 1 (3-гIа вариант)

1. Предложени олу:

1) рогIехь дIайаздинчу дешнех;

2) ойланан а, къамелан а уггар цхьалхечу декъах;

3) йозанехь вовшахкхеттачу дешнех;

4) дешнийн цхьаьнакхетарех.

2. Дошамаш хIиттор Iамочу лексикологин декъах олу:

1) этимологи;

2) лексикографи;

3) семасиологи;

4) диалектологи.

3.Iаьрбийн маттара тIеэцна дешнаш лела:

1) 3-чу классехь;

2) 5-чу классехь;

3) 2-чу классехь;

4) 4-чу классехь.

4.Интонологи цIе йолу дакъа йукъадогIу:

1) фонетикина;

2) морфологина;

3) синтаксисана;

4) пунктуацина.

5. Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш, дешан хийцалучу декъах олу:

1) суффикс;

2) чаккхе;

3) лард;

4) дешхьалхе.

6.Дошкхоллар хуьлу:

1) нийса, духанехьа;

2) берта, бертаза;

3) схьадаьлла, схьадалаза;

4) чолхе, цхьалхе.

7.ШолгIачу легарна йукъадогIу:

1) лач дожаршкахь -чу чаккхе йолу билгалдешнаш;

2) лааме мухаллин а, йукъаметтигаллин абилгалдешнаш;

3) доланиг дожарх хилла лаамаза билгадешнаш;

4) коьчалниг дожарехь -ица чаккхе йолу билгадешнаш.

8.Чолхе предложенеш хуьлу:

1) чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-карара, чолхе хуттургаш йоцуш;

2) т1етуху, коьрта, коьртаза;

3) йуьхьан, йуьззина, ц1еран;

4) дийцаран, хаттаран, айдаран.

9. Доцца аьлча, экскурси дика чеккхйелира.

ХIокху предложенера доцца аьлча бохург:

1) йукъадало дош ду;

2) хуттург йу;

3) даран суьртан латтам бу;

4) шакъаьстина меже йу.

10. ХІара предложени тІедожоран йу:

1) Шийла йара тахана арахь.

2) Ма сиха дІадели-кх хІара де!

3) ЦІахь бан белла болх кхочушбе.

4) Хьо вогІий соьца?

11.Х1окху предложенера цІерметдош йукъаметтигаллин ду:

1) Иза мила ву?

2) Цо хьаьнга дийцира цунах лаьцна?

3) Ткъа со мича ваха веза?

4) Суна-м ца хаьа, иза мила ву.

12.Чолхе предложени олу:

1) шина йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

2) йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

3) кхаа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

4) пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух.

13.ХІокху хандешнаша хьалха йахана хан гойту:

1) вицвелла, ладегІна, хьагйелла;

2) дагаихнера, баьхнера, хьагйеллера;

3) дийци, ладуьйгІи, вицви;

4) ладугІура, дуьйцура, хьаглора.

14.Спряжени олу:

1) цІердош дожаршца хийцадаларх;

2) цІерметдош йаххьашца хийцадаларх;

3) хандош терахьашций, хенашций, классашций, саттамашций хийцадаларх;

4) билгалдешан даржашца хийцадаларх.

15.Дуьххьарлера нохчийн абат («Нохчийн джуз ду хIара») хIоттийнарг вара:

1) Досов Къеда;

2) Эльдарханов Таьштамар;

3) Ошаев Халид;

4) Солтаханов Эльбек.

Тест № 1 (4-гIа вариант)

1. Предложенино гойту:

1) адамаша ден къамел;

2) адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3) вовшашца уьйр йолуш цхьаьнакхетта дешнаш;

4) дешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

2.ХIара предложени чолхе-карара йу:

1) И дIабоьду некъ стенга боьдуш бу, дийцахьа суна.

2) ХIинца, суна хаьа, мало йан мегар дац.

3) Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4) Малх хьаьжнера, делахь а йовхо кIеззиг йара.

3.Х1ара дешнаш дакъалгаш ду:

1) ткъа, делахь а, йа, хIетте а;

2) чу, тIехь, кIел, уллохь;

3) чул, хIета, ур-атталла, мел;

4) маржа-йаI, Iалелай, жолам-йаI, гап-гип-гап.

4. Кху предложенера тIехьбоху дош чIагIдаран дакъалг ду:

Тхан хьехархо а тIехь, тхо дерриге а экскурсе дахара.

2) Паднара тIехь Iуьллура гIора эшна кIант.

3) Цу суьрташ тIехь цунна вевзира шен да.

4) Бешарчу ditташ тIехь дека олхазарш.

5.ХIара предложени тIедожоран йу:

1) Шийла йара тахана арахь.

2) Ма сиха дIадели-кх хIара де!

3) ЦIахь бан белла болх кхочушбе.

4) Хьо вогIий соьца?

6.ХIокху предложенера сказуеми хандешан хIоттаман ду:

1) ГIиллаккхий, оьздангаллий йиший, ваший ду.

2) Суна школехь деша лаьа.

3) Дешар – серло, цадешар – бода.

4) КIантана йеза шен нана.

7. Нехан шуьнехь къонах а верстар вац, нехан хьаьвди тIехь дин а берстар бац.

ХIара предложени йу:

1) чолхе-карара;

2) хуттургаш йоцу чолхе;

3) чолхе-цхьаьнакхетта;

4) цхьалхе,цхьанатайпанчу меженашца.

8.Латтаман дурсду хIокху предложенехь:

1) Селхана, уьссалгIачу ноябрехь, гIурбанан хьалхара де дара.

2) Карина, ненан цхьаъ бен йоцу йоI, чIогIа качйина йара.

3) Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4) Цуьнан да, Iилманча, дика вевзаш вара Нохчийчохь.

9.Дешан хIоттаман дакъош ду:

1) подлежащи, сказуеми, къастам;

2) цIердош, билгалдош, куцдош;

3) орам, чаккхе, дешхьалхе, суффикс, лард;

4) айдардош, дештIаьхье, дакъалг, хуттург.

10.Кху предложенера къастамаш цхьанатайпана бац:

1) Уьш дара керла, ховха, хаза зезагаш.

2) КIанта деара цIен, можа Iежаш.

3) ГIопана гонаха йара лекха аннийн керт.

4) Керт мел йу дIасакхийсина йара аннийн, аьчган, ангалин гергаш.

11.Схьагарехь, шеко йоццуш, тешна а, хетарехь бохучу йукъадалочу дешнийн маьIна ду:

1) рогIалла йа уьйр-йукъаметтиг гойтуш;

2) тайп-тайпанчу кепара дог тешна хилар гойтуш;

3) тайп-тайпана хаамаш, синхаамаш гойтуш;

4) хаам хьаьнгара хуьлу гойтуш.

12. Варийлахь(1) Дука(2) нуй (3) шайн Бабин неIара тIехьарниг ма балахь(4) и (5) суна бевзар бу хьуна.

ХIокху предложенехь цIоьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1) 1,2,4. 3) 1,3,4,5.

2) 2,4,5. 4) 1,2,3,4.

13.Чолхе-карара предложени олу:

1) цхьабосса бакъо йолуш цхьаьнакхеттачу цхьалхечу предложених лаьттачух;

2) кхеторан меженаш шена шена чохь йолчу предложених;

3) цхьанатайпана йа шакъаьстина меженаш шена чохь йолчу предложених;

4) коьртачу а, т1етухучу а предложенех лаьттачух.

14. Йа цхьанна совгIатана йелира цо и говр, йа къуша лачкъийна иза.

ХIара предложени йу:

1) цхьалхе, цхьанатайпанчу меженашца;

2) чолхе-карара;

3) хуттургаш йоцу чолхе;

4) чолхе-цхьаьнакхетта.

15.ТIаккха Зараана хааделира цуьнан беснеш тIехула (охьа)Iийдало тIадамаш.

ХIокхупредложенераохьа:

1) дешт1аьхье йу, къаьстина а йазйо;

2) дешхьалхе йу, цхьаьна а йазйо;

3) дешхьалхе йу, къаьстина а йазйо;

4) йа дештIаьхье а, йа дешхьалхе а йац.

Зкурс литература

Нохчийн литература

РогІалла

Предметан таллам бен дакъа

Мах хадоран гІирсан цІе

1.Айдамиров А.I. «Йеха буьйсанаш» роман

«Йеха буьйсанаш» романехь къинхьегаман халкъийн векалийн васташ» сочинени

2.Сулейманов Ахьмадан кхолларалла

«Сулейманов Ахьмадан лирика» сочинени

3.Бексултанов М.Э. «Корталин Хантоти» дийцар

«Корталин Хантоти» дийцарехь коьртачу турпалхочун васт» сочинени

4.«Нохчийн йаздархойн говзаршкахь ненан васт» сочинени

Тесташ

Тест № 1 (1-ра вариант)

1. Вайн хиша, шовданаша, ярташа, ирзуша, гунаша, лаьмнаша, Іаннаша, даккъаша, боьраша хІун боху хьоьжуш, уьш толлуш, Даймехкан паспорт деш вуша, бохуш, топоними язйинарг ву:

1) Мамакаев Мохьмад; 3) Айдамиров Абузар;

2) Сулейманов Ахьмад; 4) Ошаев Халид.

2. Произведенин жанраш къастае (повесть, поэма, …):

1) «Маца девза доттагІалла» ________________________

2) «Александр Чеченский» ________________________

3) «Кхетаме Хьамид» ________________________

4) «Нохчийн лаьмнашкахь» ________________________

5) «Бож-Іела» ________________________

3. Лойша суна шийла шовда,

Амма цIена шовда ло!

Адмийн дегнаш, чуьра мекха

ДIайаьккхина, цIандийр ду.

ХIокху байтан автор ву:

1)Сулейманов Ахьмад;

2) Нажаев Ахьмад;

3)Айсханов Шамсуддин;

4) Бадуев СаьIид-Салихь.

4.«Еха буьйсанаш» романехь оьрсийн эскарехь эпсар лаьттина турпалхо:

1) Аьрзу; 3) ХортIа;

2) Маккхал; 4) Берса.

5. «Цу вайн раьгIнашкахь цхьа сурт ду хIуттуш, дарц дала кечделлачу хенахь (дукха хьолахь Iа дулучу муьрашкахь): мох а болий, аьрцнаш угIа дуьйлало, берзлой санна…»

ХIокху дешнийн автор ву:

1) Хамидов Iабдул-Хьамид; 3) Гадаев Мохмад-Салахь;

2) Сулейманов Ахьмад; 4) Бадуев СаьIид-Салихь.

6. Цхьана шарахь дуьнен тIе а бевлла, цхьана шарахь дуьнен тIера дIа а бевлла йаздархой, билгалбаха:

1) Арсанов СаьIид-Бей, 3) Ошаев Халид,

Мамакаев Мохьмад; Исаева Марьям;

2) Ахматова Раиса, 4) Арсанукаев Шайхи,

Гацаев СаьIид; Рашидов Шаид.

7. Хара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.

Аружа ______________________ «Зеламха».

Арсби ______________________ «Нохчийн лаьмнашкахь».

Селехьат ______________________ «Бож-Іела».

4) ЗІока ______________________«Маца девза доттагІалла».

5) Майма ______________________ «Сийлаха».

8. «Наггахь, сайн сагатделча», «Іаьржа бІаьрг», «Хьалхара парта» произведенийн автор ву:

1) Айдамиров Абузар; 3) Мамакаев Мохьмад;

2) Бексултанов Муса; 4) Ахмадов Муса.

9.Мохьмад-Салахь кеста вогІур вац. ГІеххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьмад-Салахь кхолла».

ХІокху дешнийн автор ву:

1) Саидов Билал; 3) Сулейманов Ахьмад;

2) Сулаев Мохьмад; 4) Ахмадов Муса.

10. Аьрзу, Васал, Іаьлбаг.

ХІара турпалхой лахарчу произведени тІера бу:

1) «Лийрбоцурш»; 3) «Лаьмнаша ца диццдо»;

2) «Еха буьйсанаш»; 4) «Маца девза доттагІалла».

11. Нохчийн поэтессин Ахматова Раисин автобиографически поэмин цІе ю:

1) «Даймахке сатийсар»; 3) «Ненаца дина къамел»;

2) «Дагалецамаш»; 4) «Дагалецамийн новкъа».

12. Айдамиров Абузаран «Йеха буьйсанаш» романехь нохчийн халкъо муьлхачу бІешарахь паччахьан Іедалан коллониальни политикина дуьхьал латтийна къийсам гойту?

1) XIX бІешарахь; 3) XVIII бІешарахь;

2) XXI бIешарахь; 4) XX бIешарахь.

13. «Даймахке сатийсар», «ЦIен Берд», «Дарта».

XIокху стихотворенийн автор ву:

1) Сулейманов Ахьмад; 3) Айсханов Шамсуддин;

2) Гадаев Мохьмад-Салахь; 4) Бадуев СаьIид-Салихь.

14. Йаздархо, поэт, Iилманча ваьхна 1909-1972 шерашкахь. Дуьнен тIехь ваха доьгIна хиллачу 63 шарах 30 шо гергга набахтешкахь текхна цо.

Мила ву и:

1) Ошаев Халид; 3) Мамакаев Мохьмад;

2) Арсанов СаьIид-Бей; 4) Гадаев Мохьмад-Салахь.

15. Исбаьхьаллин произведени тIехь адамийн амалш а, дахар а гайтаран

кепах олу:

1) метафора; 3) персонаж;

2) дустар; 4) васт.

ДогIа

2. 1) «Маца девза доттагIалла» – роман.

2) «Александр Чеченский» – повесть.

3) «Кхетаме Хьамид» – дийцар.

4) «Нохчийн лаьмнашкахь» – поэма.

5) «Бож-Iела» – комеди.

7.1) Аружа – «Сийлаха».

2) Арсби – «Маца девза доттагIалла».

3) Селехьат – «Нохчийн лаьмнашкахь».

4) ЗIока – «Зеламха».

5) Майма – «Бож-Iела».

Тест № 1 (2-гIа вариант)

1. Исбаьхьаллин произведенешкахь адамийн амалш а, дахар а гайтаран кеп йу:

1) автограф; 3) жанр;

2) васт; 4) тема.

2.Мохьмад-Салахь санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вогIу х1окху Лаьтта тIе. Мохьмад-Салахь кестта вогIур вац. ГIеххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьмад-Салахь кхолла».

ХIокху дешнийн автор ву:

1) Саидов Билал; 3) Сулейманов Ахьмад;

2) Сулаев Мохьмад; 4) Ахмадов Муса.

3. Нохчийн поэзехь дуьххьара гIулчаш йаха волавелла:

1) Саидов Билал; 3) Мамакаев Iаьрби;

2) Ошаев Халид; 4) Дудаев Iабди.

4. Нохчийн дуьххьарлера прозаик ву:

1) Дудаев Iабди; 3) Сальмурзаев Мохьмад;

2) Ошаев Халид; 4) Нажаев Ахьмад.

5. Нохчийн литературехь халкъан иэсана чIогIа тIеIаткъам бина йолу роман йу:

1) «Йеха буьйсанаш»; 3) «Товсолта ломара дIавоьду»;

2) «Дарц»; 4) «Зеламха».

6. «Ирсан орам» цIе йолчу романан коьрта турпалхой бу:

1)Акаев Руслан, Васа; 3) Зовра, ЗабиIат;

2) Сийлаха, ИбрахIим; 4) Зеламха, Бици.

7. «Зеламха» цIе йолчу романехь дов доладелира:

1) ахча къевсина; 3) латта къевсина;

2) Зезаг къевсина; 4) дош-даше даларна.

8.ХIара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.

1) Васал _________________________«Лаьмнел а лекха».

Алымкхан _________________________«Iаьржа бIаьрг».

ЖемиIат _________________________«Дерачу кхолламан кхел».

4) Резет _________________________«Аружа».

5) ГIойсум _________________________«Йеха буьйсанаш».

9. Дахарера гIуллакхаш гойтуш, билггалволчу стагах дуьйцуш йолу жима эпически произведенийу:

1) очерк; 3) поэма;

2) дийцар; 4) новелла.

10. Произведенин жанраш къастайе (повесть, поэма, …):

1) «Йеха буьйсанаш» _________________________

2) «Аружа» _________________________

3) «Іаьржа бІаьрг» ________________________

4) «Батто сагатдо» ________________________

5) «Зингатийн барз а ма бохабелаш» –

11. «Даймохк» цІе а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газет арадаьлла:

1) 23.02.1923; 3) 15.06.1934;

2) 18.03.1925; 4) 12.08.1990.

12. Халкъан барта кхолларалла толлуш волчу Іилманчех олу:

1) фольклорист; 3) яздархо;

2) Іилманча; 4) талламхо.

13. Мамакаев Мохьмадан «ЦІий хуьйдина лаьмнаш» поэма зорбанера арайаьлла:

1) 1936 шарахь;

2) 1928 шарахь;

3) 1930 шарахь;

4) 1924 шарахь.

14. Нохчийн поэзехь дуьххьара гІулчаш йаьхнарг ву:

1) Дудаев Іабди; 3) Ошаев Халид;

2) Мамакаев Іаьрби; 4) Саидов Билал.

15. Произведени дІайолалуш далийначу, цуьнан коьрта маьІна шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу:

1.долор; 3) эпиграф;

2.кица; 4) эпитет.

ДогӀа

8. 1) Васал – «Йеха буьйсанаш».

2) Резет – «Ӏаьржа бӀаьрг».

3) ЖемиӀат – «Дерачу кхолламан кхел».

4) Алымкхан – «Аружа».

5) ГӀойсум – «Лаьмнел а лекха».

10. 1)«Йеха буьйсанаш» –роман.

2) «Аружа» – поэма.

3) «Ӏаьржа бӀаьрг» – дийцар.

4) «Батто сагатдо» – стихотворени.

5) «Зингатийн барз а ма бохабелаш» – повесть